

EVITE VIKTIM FWÒD NAN ZAFÈ IMIGRASYON

Si ou bezwen konsèy legal sou imigrasyon, **ale sèlman kote yon avoka oswa yon moun ki gen akreditasyon Depatman Jistis Etazini (U.S. Department of Justice, DOJ) oswa yon òganizasyon DOJ rekonèt.** Ou ka jwenn lis founisè sèvis ki gen akreditasyon epi ki rekonèt yo nan www.justice.gov/eoir/recognition-accreditation-roster-reports

Lwa imigrasyon konplike. Pran prekosyon ak founisè sèvis imigrasyon magouyè ki ka endike lekontrè epi bay fo pwomès.



VEYE FO PWOMÈS YO, TANKOU:

- Yon fason **fasil** pou jwenn yon grinkat
- Yon fason pou jwenn yon pèmi travay oswa yon viza **touswit**
- Deklarasyon ki endike pa gen **okenn risk oswa konsekans**
- Deklarasyon ki di yo gen **enfliyans espesyal** bò kote otorite imigrasyon yo



BAGAY POU PA FÈ:

- **Pa** peye pou fòm aplikasyon gouvènman an – fòm yo gratis epi ou ka telechaje yo sou entènèt nan www.uscis.gov/forms
- **Pa** bay dokiman orijinal yo – bay kopi pito
- **Pa** siyen okenn fòm vyèj oswa fòm ki pa konplè
- **Pa** siyen papye, fòm imigrasyon, oswa kontra ou pa fin konprann nèt



BAGAY POU FÈ:

- **Toujou poze kesyon** – menm si se yon manm fanmi oswa yon zanmi ki te rekòmande founisè sèvis la; ou ta dwe santi ou fè founisè a konfyans
- **Mande prèv** founisè a se yon avoka ki gen lisans oswa DOJ akredite/rekonèt
- **Al chèche yon dezyèm opinyon**
- **Ale sèlman kote founisè ki gen yon adrès fizik**
- **Mande yon kontra alekri pou sèvis yo dwe bay yo** founisè a siyen – li kontra a avan ou siyen li, epi kenbe kopi ki siyen an pou achiv ou
- **Pran kopi** dokiman yo prepare pou ou yo
- **Mande yon resi alekri** ki gen ladan non ak adrès founisè a

RESOUS ITIL:



- Pou jwenn aksè nan sèvis jiridik gratis an tout sekirite pou imigrasyon, [rele 311 epi di "ActionNYC"](#)
- Pou pote plent pou fwòd ak magouy ki fèt sou imigran nan zafè imigrasyon, [rele Liy Dirèk pou Nouvo Ameriken nan Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo nan 1-800-566-7636](#)